

KONEKSYON

Yon bilten enfòmasyon pou Paran Lekòl Leta Miami-Dade County

NOVANM 2018

- Bilten 11, NIMEWO 47
SA KI LADAN:
- Edikasyon sou Nivo Dlo Lanmè ki Ap Monte
- Enskripsiyon Magnet
- Meyè Sipètentandan pou Ane a

VOTÈ YO APWOUVE REFERANDÒM POU OGMANTE SALÈ PWOFESÈ, AMELYORE SEKIRITE NAN LEKÒL



AVÈTISMAN KONT POSTE FO MENAS SOU ENTÈNÈT

"Miami-Dade Schools Police Department (M-DSPD)" (Depatman Polis Lekòl Miami-Dade) pran tout menas oserye e l ap travay deprè avèk ajans aplikasyon lalwa nan nivo lokal, eta, ak federal pou envestige chak menas yon fason pou yo detèmine si li vrè e pou idantifye moun ki fè menas la. Malerezman, fo menas sa yo twouble anviwònan edikasyonèl lekòl yo san nesesite e yo deranje abilité ofisyè yo pou pwoteje lekòl yo kont danje reyèl yo. Distri a ap raple piblik la li dwe konnen, nou ka rive idantifye kèlkeswa moun

ki ap fè kalite menas sa yo; yon menas ekri pou touye, oubyen fè moun mal se yon krim e nou pap tolere li; e y ap pousuiv moun ki fè menas sa yo devan lajistis ak tout severite lalwa mande. Yo ka ajoute yon chaj feneral, ki ka lakoz yon santans maksimòm senkan nan prizon. Menmsi chaj federal yo pa jistifyab, yo ka konsidere chaj nan nivo eta a. Menm avèk tout prekosyon nou mete an plas yo, nou vle raple kominate a vijilans rete mwayen ki pi efikas pou evite sitiyyaton danjere. Atravè inisyativ "See Something, Say Something" (Wè yon

Bagay, Di yon Bagay), nou ankouraje nenpòt moun ki wè aktivite sispièk pou yo rele 305-995-COPS oubyen kontakte "Federal Bureau of Investigation (FBI)" (Biwo Federal Envestigasyon) nan tips.fbi.gov oubyen nan telefòn (1-800-CALL-FBI). Anba a n ap jwenn yon lyen pou yon feyè enfòmatif ki gen konsèy sou itilizasyon medya sosyal yon fason ki responsab. Nou espere w ap revize konsèy itil sa yo lakay ou ak pitit ou.

http://digital.dadeschools.net/pdfs/Social_Tips_Creole.pdf

DAT ENPÒTAN

24 DESANM
– 4 JANVYE
Vakans Ivè

18 JANVYE
Jounen pou Pwofesè Fè Planifikasyon

21 JANVYE
Obsèvans Anivèsè Nesans Dtè. Martin Luther King Jr.

18 FEVRIYE
"Presidents Day"
(Jou Tout Prezidan yo)

REYINYON KOMISYON
KONSEY LEKÒL

19 desanm
16 janvye

11:00 dimaten
11:00 dimaten

Reyinyon Regilye
Reyinyon Regilye

ENSKRIPSYON OUVÈ KOUNYE A POU MAGNET



Enskripsyón pou pwogram magnet Lekòl Leta Miami-Dade County ouvè pou jiska madi 15 janvye 2019. Nou dwe resevwa aplikasyon yo pandan peryòd sa a yon fason pou nou ka konsidere elèv yo kòm elèv ki enskri pou ane lekòl 2019-2020 an. Paran ak elèv pral kapab chwazi pamí 384 pwogram n ap ofri nan 114 lekòl atravè Distri a pou ane lekòl 2019-2020 an.

Pwogram magnet yo ofri domèn etid sou tèm san parèy ki konsantre sou enterè espesyal, talan, ak kapasite elèv pou tout nivo ane eskolè. Pwogram nou ofri pou ane sa a gen ladan Wobotik ak Kodaj, Desen Medya, Jistis Kriminèl ak Etid Entènasyonal nan divès lang etranjè.

Aplikasyon magnet la aksesib nan <http://miamimagnets.org/> ki disponib nan divès lang. Zouti sa a senplifye pwosesis aplikasyon an, li ogmante aksè pou paran jwenn enfòmasyon, li amelyore komunikasyon atravè pwosesis la.

Pou plis enfomasyon, silvouplè rele 305-995-1922 oubyen vizite sit Entènèt nou an: <http://miamimagnets.org>.

ELÈV, ATIS NAN SID FLORID AP REYAJI AK KRIZ KLIMATIK LA



Nan mwa oktòb la, mond la te resevwa kèk nouvèl ki pa t bon ditou konsènan klima nou an. Yon gwoup syantis entènasyonal te dekouvri tè a sou wout pou [Ipase yon nan yon etap kritik nan nivo chofaj](#) nan 12 a 32 nan pwochen ane yo. Lè nou depase nivo sa a, plizyè milyon moun ka fè eksperyans sechrès katastwòfik nan inondasyon, ogmantasyon nivo lanmè a ak vag chalè. Resif koray mond la ap prèske ekstèmine.

Douzan pa anpil tan. E malgre syantis yo di peyi nan mond la ka toujou evite katastwòf la, dimansyon kriz klimatik la ka efreyan.

Se poutèt sa kèk elèv lekòl segondè nan Sid Florid la te deside fè kesyon dezas anviwònmental la vin tounen [tèm kay ante yo a](#). Yo abiye tankou moun ki vin malad akoz radyasyon ak pwodui chimik ki danjere. E, anndan kay dezas anviwònmental la, de (2) nan chann yo gen lanmè a: youn kote

Yon elèv ki abiye tankou yon gadyen plaj sove lavi moun nan yon lanmè ki plen ak fatra nan yon kay ante, 'Space of Mind School nan Delray Beach' te òganize.

polisyon lanmè a fose lasirèn yo viv nan pil fatra, e yon lòt kote inondasyon akoz nivo ogmantasyon lanmè a inonde kòt ki tankou sa ki nan Sid Florid yo.

Youn nan elèv òganizatè yo, Olivia Katz, ki gen 14 ane, di elèv yo te vle fè vizitè yo pè avèk reyalite sa a.

Katz di, 'Majorite kay ante ou antre ladan yo, ou ka soti. Ou di tèt ou, Oh, sa pap janm rive paske se yon blòf... men avèk kay ante nou an, nou vle lè moun yo soti pou yo di, ... 'Se pa yon plezantri. Sa ka rive vre.'

Li plis konsènan kay ante a [la a](#).

Annatandan, atis nan Sid Florid yo ap travay pou edike moun yo konsènan ogmantasyon nivo lanmè a. Youn nan yo, Xavier Cortada, desine yon gwo pwojè ar ki gen ladan 6,000 kay nan 'Village of Pinecrest' Cortada ap kreye yon "Underwater Homeowners Association" ([Asosyasyon Pwopriyetè Kay Anba Lanmè](#)) ak siy jaden ki kolore pou ede vwazen l yo kòmanse panse ak yon plan aksyon.

Se yon patenarya ant WLRN, manm asosyasyon 'National Public Radio,' pou Sid Florid la ki ofri atik sa a. Nou ka jwenn plis repòtaj WLRN konsènan ogmantasyon nivo lanmè [la a](#).

YO NONMEN CARVALHO MEYÈ SIPÈENTANDAN NASYONAL IBEN POU ANE A

"Council of the Great City Schools" (Konsil Lekòl Gran Vil yo) nonmen e prezante Sipètentandan Lekòl yo Alberto M. Carvalho Prim distenje Green-Garner Meyè Sipètentandan Nasional Iben pou ane 2018 la.

Chak dezan, Konsil la prezante bay yon sipètentandan ki soti nan youn nan 74 pi gwo sistèm lekòl publik iben nan peyi a, Prim Green-Garner la, ki se pi gwo onè nan edikasyon iben nan peyi a ki rekonèt kontribisyon ekstrawòdinè nan edikasyon e yo ba l non sa a an memwa lidè lekòl Richard R. Green ak Edward Garner.

Sipètentandan Carvalho, ki te jwenn nominasyon pou prim prestijye sa a nan



men Chèmann Komisyón Konsèy Lekòl la Perla Tabares Hantman, resevwa onè sa a pou angajman ak pasyon li pou ogmante akonplisman elèv yo, pote aprantisaj 21èm syèk nan chak lekòl e fèmèn kèlkeswa ak tout eka ki ka kanpe sou wout elèv nan Miami-Dade County.

Resevwa Prim Green-Garner

la fè Sipètentandan Carvalho vin tounen Sipètentandan ki genyen plis prim nan peyi a e prim nan vini tousuit apre l fin selebre 10èm ane li kòm lidè Lekòl Leta Miami-Dade County.

#MDCPSGIVESTHANKS



www.dadeschools.net

MEDYA SOSYAL



@MDCPS
@MiamiSup



@MiamiSchools
@AlbertoMCarvalho1



@MiamiSchools
@MiamiSup



@MiamiSchools

Rete konekte avèk Lekòl Leta Miami-Dade County. Asire w ou suiv nou sou medya sosyal yo pou dènye nouvèl ak enfòmasyon konsènan distri lekòl la. #MDCPSConnects

Komisyón Konsèy Lekòl Miami-Dade County, Florid

Perla Tabares Hantman, Chèmann Doktè Martin Karp, Vis Chèmann Doktè Dorothy Bendross-Mindingall Susie V. Castillo Doktè Lawrence S. Feldman Doktè Steve Gallon III Lubby Navarro

Doktè Marta Pérez Mari Tere Rojas Alberto M. Carvalho Sipètentandan Lekòl yo Josh Rios Konseye Elèv nan Komisyón Konsèy Lekòl la

ESTAJ @ MDCPS



Pwogram Estaj M-DCPS pou Ane Akademik la ofri elèv eksperians pratik nan travay pandan yo ap resevwa yon kredi pou onè akademik. Yo konekte elèv yo avèk kòporasyon, minisipalite lokal, ti biznis, òganizasyon a baz kominotè e plis. Elèv yo pase yon ane lekòl antye nan yon andwa estaj, ap apwofondi aprantisaj yo nan andwa travay la e yo solidifye relasyon yo avèk founisè estaj yo.

Aktyèlman, WLRN genyen nef (9) elèv entèn ki ap travay nan Pwodiksyon Televizyon, Afè Piblik, Desen Grafik, ak Prezantasyon Nouvel. Gen yon entèn ki te travay kòm yon operatè kamera resamman nan yon Reyinyon Kominotè yo te difize andirèk sou WLRN-TV nan mwa sa a. Pou w aprann plis konsènan Pwogram Estaj pou Ane Akademik la vizite www.engagemiami.net/internship.

Se yon Pwodiksyon Biwo Kominikasyon an

Daisy Gonzalez-Diego
Ofisyè Anchèf Kominikasyon